© Мухаддес Китапты аўдарыў Институты, 2004

# Юханның үшинши хаты

## Китап ҳаққында мағлыўмат

Елши Юхан бул үшинши хатын да I әсирдиң ақырында жазған болып, хат Гаюс деген адамға жазылған. Юхан Гаюсқа ел аралап жүрген Қудайдың хызметшилерин қабыл алып, оларға сүйиспеншилик пенен жәрдем бериў кереклиги ҳаққында жазады. Димитрий деген адамнан өрнек алыў кереклигин айтып, Диотреф деген адамның ислерин әшкаралайды.

### *Сәлемнама*

1 Мен, Юхан ақсақалдан, шын жүрегимнен сүйетуғын сүйикли
туўысқаным Гаюсқа сәлем!
2 Сүйикли туўысқаным! Руўхый өмириң саў болғандай, ҳәмме
нәрседе табысқа ерисип, дениң саў болыўы ушын дуўа етип атыр-
ман. 3 Айырым туўысқанларымыз келип, сениң ҳақыйқатқа садық
екениң ҳәм ҳақыйқат жолы менен жүргениң ҳаққында гүўалық бер-
генде қатты қуўандым. 4 Мениң ушын балаларымның ҳақыйқат жо-
лы менен жүргенин еситиўден артық қуўаныш жоқ.

### *Аўызбиришилик ҳәм алаўызлық*

5 Сүйикли туўысқаным! Бийтаныс болыўына қарамай, сен ту-
ўысқанларымызға шын жүректен жәрдем берип атырсаң. 6 Олар исе-
ниўшилер жәмәәти алдында сениң сүйиспеншилигиң ҳаққында

гүўалық берди. Оларды Қудайға минәсип түрде жолға атландырып
жиберсең, жақсы ис қылған болар един. 7 Себеби олар исенбейту-
ғын адамлардан ҳеш қандай жәрдем қабыл етпей, Ийсаның аты
ушын жолға шыққан еди. 8 Сонлықтан ҳақыйқатқа шерик болыўы-
мыз ушын бундай адамларды қоллап-қуўатлаўымыз керек.

9 Мен исениўшилер жәмәәтине базы нәрселерди жазған едим, би-
рақ олардың арасында биринши болыўды жақсы көретуғын Диот-
реф бизлерди қабыл етпей атыр. 10 Сонлықтан егер барсам, оның
ислерин әшкара етемен. Ол бизлерди жаман сөзлер менен надурыс
айыплап жүр. Булар жетпегендей, ол туўысқанларды да қабыл етпей
атыр, ҳәтте, қабыл қылмақшы болғанларға тосқынлық жасап, олар-
ды жәмәәттен қуўып атыр.

11 Сүйикли туўысқаным, жаман емес, жақсы өрнек ал. Жақсылық
ислейтуғын адам Қудайдан. Жаманлық ислейтуғын адам Қудайды
көрген емес. 12 Димитрий ҳаққында ҳәмме адам, ҳақыйқаттың өзи
де жақсы гүўалық берип атыр. Бизлер де жақсы гүўалық берип
атырмыз. Гүўалығымыздың дурыс екенин сен билесең.

13 Саған жазажақ көп нәрселерим бар еди, бирақ сыя ҳәм қәлем
менен жазыўды қәлемеймен. 14 Сени тез арада көриў үмитиндемен,
сонда жүзбе-жүз сөйлесемиз. 15 Аман бол! Дослар саған сәлем айтып
атыр. Сен де сол жердеги досларға атпа-ат сәлем айтып қой.